


Ассаламу гІалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№2 (7194) 15 январь Рузман 2016 сон. Газета биччала моцІида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


## ЦІияб соналъул тІоцебесеб совещание



12 январалда района лъул БетІерас тІобитІана гьаб соналда тІоцебесеб аппара-талъулаб совешание. Гьенир гІахьаллъана цогидал структу-рабазул нухмалъулелги.

20I5 соналъул хІалтІул хІасилалги гьарун района лъул бетІерас кІвар кьуна гьаб соналда цере чІарал масъала-базда. Бихьизабуна праздни-калъулал къоязда пашманал ишал районалда ккечІин, элек-тросетазул ккун букІанин авари ялъулаб лъугьа-бахъин, гьеб хехгого лъугІизабунин.

Данделъиялда аслияблъун букІана районадминистраци-ялъул финансазулгун эконо-микаялъул суалазда хурхун районалъул бетІерасул зам. Си-ражудин АрулмухІамадовасул администрациялда жаниб структураялъулал хиса-басиял гьариялда хурхараб суал. Гьел росизе руго районалъул Собра-ниялъул балагьиялде,-ян би-хьизабуна гьес..

Гьединго аппараталъулаб со-вешаниялда гьоркьор лъуна цо-гидалги районалъул гІумроялда хурхарал суалал; гьел рукІана МахІачхъалаялда тІобитІизе бугеб гІолилазул форумалда, бачІунеб анкьалда районал-да тІобитІизе бугеб г1ат1идаб антитеррористическияб комис-сиялъул данделъиялда ва цоги-далги тадбиразда хурхун.

Аппараталъул совещаниялда подразделениязул нухмалъ-улезе кьуна гьезул хІалтІуда хурхарал тІадкъаял. ХІасилал гьарулаго ГІ. НурмухІамадовас тІадчІей гьабуна гьоркьор лъу-рал суалал тІуразариялъул ха-дусеб х1алт1уе бугеб к1варал да.

***Районадминистрациялъул пресс-хъулухъ.***

*ЦІорол Дадал баркиял ва шаржал*

### Майданское росдал МУПалъул нухмалъулев М-ХІ. Имангъазалиевасухъе

БетІералда рекъон кверал хІалтІани
МагІишат лъугьунеб, дуца рагьана.
ГІи-боцІигун ахал, бахча ва ччугІа
Дуца гІадамазе чІезе гьабуна.
Гьале мисалалъе, меседилаб квер
Халкъалъе пайдаяв, рукъалъе цІакъав,
ТалихІги баркатги, щибаб къоялъго
ТІаса къотІугеги, дур, МУПалдаса.

### Пенсионнияб фондалъул коллективалъухъе

Херлъарал, гІажизал гІадамал цІунун
Кинабго гьабулеб коллективалде,
ЦІияб сон баркараб, сахлъи гьарараб
ГьитІинабго кагъат почалда лъезин.
ГІадамал разияб гІумро тІамуни,
ТІаде щолеб баркат камуларелъул,
Аллагьги разилъун, квекІенал лъугІун
Рохалида щваги, нужей, ЦІияб сон!

### ЖКХялъул ва СКХялъул нухмалъулезухъе

РукІа-рахъиналъе шартІалги гІуцІун
ГІумро гьабиялъе бигьалъаби кьун,
ГІадамазул яшав берцин гьабулел
Баркула ракІ-ракІалъ, тІаде щвараб сон.
РацІцІалъи-сахлъи,-ян БетІерги вугин
КІочон тунцин гьечІищ нужеда кІкІалал,
Культура-лъаялде ахІулел ругин
Щвалде щунго бугищ, гьабулеб хъулухъ?
Лъинал гьечІел иццал гІемерлъун руго,
ГІадлу гьечІеб мусор лъугІулеб гьечІо,
Гьеб рахъалде кІвар кьун, хІалтІи гІуцІизе
Сахлъигун бажари, гьарула нужей.

## 2016 -ЦІадулаб (БагІараб) Обезьяналъул сон

### (Кинал сайгъаталдай нилъее гьелъ хІадурун ругел?)

**<u>20I6 соналъе цебехъанлъи гьабизе буго ЦІадулаб (БагІараб) Обезьяналъ. Астрологическияб прогнозалда рекъон гьеб тІаде щвезе буго 20I6 соналъул 8 февралалда. ЛъикІал хиса-басиязда цадахъго гьелъулъ рукІине руго гІемерал захІмалъабиги. ГІемер хІалтІизе, хьвадизе ва кинабго ахІвал-хІалалъул бакьулъ рукІине ккезе руго нилъ.</u>**

**<u>Астрологическияб прогноз</u>**

РагІа-ракьанде щварал хиса-басиял ккезе руго киналго бутІабазда. Жибго обезьянаги бугелъул цо хІалалда чІолареб, жигараб, натураялъул ра хъалъ камилаб х1айван. Руго гІемерал лахІзатал бербалагьиялдаса рорчІизе бегьуларел. ЦІикІкІараб кІвар кьезе ккола цІилъабазде, харбазде. Гьелъул кІудияб кІвар букІине буго гІумро гьабиялъе. Кинабго жоялда гъорлъ рукІа, гьелъ гьабулелъе квербакъизе буго.

Обезьяналъе бокьула кинабго жо жинцаго жиндиего бокьухъе гьабизе. Амма гІемерисеб жо гьелъие бокьухъеги букІине гьечІо. 20I6 соналъе гьаризе ккола букІинеселъе планал. ГІемерисел гьел гІумроялде рахъине руго. Гьелъие гІоло кидаго рукІине ккола карачелазулъ, гІодобе биччараб бакІалдасан лъедей гуреб. Обезьяна лъул хІурмат гьабизе, гьелъие баркала загьир гьабизе ккола



киналго лахІзатазулъ. Гьедин гьабуни нужее битІ ккезе буго.

ЛъагІел букІине буго киналго ишазулъ интересаб. ЛъагІалил символ – обезьяна батІа гьабула гІакълу буголъиялъ, пикро цебе тІураб букІиналъ, кигІанго гьеб жиндиргояб ккураб бугониги. Жакъа обезьяна лъикІаб бугониги, метер рагъулаб, квешабги букІине бегьула. Гьеб буго хІасратазул цІураб, хІаракатаб. ЦІадуца хинлъизари гуребги секундалда жаниб кинабго бухІун лъезеги бегьуле лъул.

**<u>Гьаб соналъ</u>** цо гьабулеб ишалъе кьучІ лъуни, обезьяналъ нужее кумек гьабила. Чияда божун чІечІого нужецаго тІубазабе, дагьалго захІмалъаби дандчІвала, амма гьабулеб иш рехун течІони хІасил ккела. Обезьяналъ хІехьоларо захІмалъабазукьа хІинкъулел.

У, руго гьелъул хасиятазулъ гІоларел рахъал. 20I6 соналъ гьеб букІине бегьула тІадагьаб, сихІираб ва жибго жиндаго божараб особалъун.

**<u>РукІина чІахІиял хиса-басиял</u>** – политикияб гІумроялъулъ. ГІемерисел чІахІиял пачалихъазда ккела гьел. Арал обезьяналъул саназдаги ккана хиса-басиял. Гьел рукІана I956, I968, 1992 ва 2004 саназда. Гьаб списокалъул тІоцебесеб сонги букІана высокоснияб (Хрушевасул оттепель). Гьаб соналъулги гьелъулги руго релъен-хъваял. Гьединаб буго символиказул ва х1айваназул рахъалъ астрологическияб прогноз.

ТалихІаб батаги нилъее 20I6 сон!

Арал къоязда эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъулго чемпионат тIобитIана Каспийск шагьаралда ГI. ГIалиевасул цIаралда бугеб спортивияб КIалгIаялда. Гьеб ишалъе кIудияб хIадурлъи гьабун букIана рес публикаялда ва Россиялъулго гIадамазул кIудияб интересгун ана къецал.



Экстремизм-терроризм

# Интерноталдасан экстремизмалъе гIоло - судалде

**ГьабсагIаталда цо-цо гIадамаз Интернет кутакалда хIалтIизабулеб буго гIолилазул психикаялда тIад кутакалда асар гьабулел материалал лъеялъе. Гьеб ккола гьединал мурадазе гIоло интернет хIалтIизабуразе репрессивияб хасияталъул ва жеги кьварараб закон хвезабиялъе гIоло жавабчилъиялде ахIулеб иш. Гьелъул хIакъалъулъ бицунеб буго РДялъул прокуратураялъул республикаялъулаб ведомствалъул нухмалъулесул зам. ГIабдулхIамид ХIамидовас.**

- 20I5 соналда жаниб республикаялъул прокуратураялъул органаз Интернеталъул хъвайхъагIаязда 429 закон хвезабиялъул хIужа тIатинабуна. Гьел лъугIизариялъе судалде битIун буго I4 экстремистлъиялъулаб хасияталъул материал рукIин загьир гьарурал гIарзаби, гьезухъ балагьулел руго. ЦIех-рехазул органазде ритIун руго 20 материал. Гьезул 11 чIезабун буго экстремистиябгун терроризмалъул хасияталъулаблъун.

Россиялъул Федерациялъул Генералияв прокурорасухъе битIун буго 237 батIи-батIиял информационниял ресурсазда рахъарал экстремизмалде, терроризмалде ахIулел материалал.

**- РФялъул УКялъул законалда рекъон Интернеталдасан экстремизм-терроризм тIибитIизабиялъе пропаганда гьабулезе кинаб тамихI букIине бугеб?**

- Интернеталдасан экстремисткияб информация тIибитIизаби ккола уголовнияб кьагIидаялъ жавабчилъиялде ахIулеб иш, гьединлъидал гIола гьитIинабго «Лайк»-цIайи яги рахъ ккевей гьабуниги. Гьедин гIадамал Интернеталдасан экстремизмалде ахIулел ругони хIалтIизе кьотIула яги щуго соналъ туснахъалда тIамула.

20I5 соналъул июлалда Интернеталдасан тIобитIараб мориторингалъул хIасилазда рекъон къватIиб чIвазабуна «Деклорация группировки «Исламское государство Ирана и Левана»,-абураб цIаралда гьоркь бахъараб гIемераб материал. Гьезулъ руго «О противодействие экстремистской деятельности»,-абураб РФялъул законалъул I статья хвезабиялъул хIужаби.

Гьединго тIатана Интернеталдасан хасал миллаталъул гIадамазде рокьукълъи бижизабиялъул хIужаби. Интернет хIалтIизабулев саназде вахинчIев пайда босулес «О, Аллах, помоги муджахедам!,-абураб цIаралда гьоркь динияб асаралъул кумекалдалъун гIадамал ахIулел руго экстремизмалде. Судалъул хIукмуялда рекъон гьев условно кIиго соналъ жанив лъуна ва 40000 гъурущ гIакIа бахъана. КъватIиб чIвазабуна социалияб сеталда букIараб диналда хурхун цоцаздехун рихин тIибитIизабулеб видеоматериалги. Гьелда тIадги хIалтIи гьабулеб буго.



**- СМИяздасан экстремизмалъул идеял тIиритIизарулезда данде прокуратураялъ кинал хIалтIаби гьаризе ругел?**

-Республикаялъул прокуратураялъул хIалтIулъ гьеб рахъ бищунго цебетIураблъун буго. Кидаго хIалтIизабулеб букIуна СМИязул мориторинг, хал гьабула щибаб материалалъул, экстремизм-терроризмалде гIадамал ахIулел материалазда хурхун гьарула уголовниял делаби.

Гьелъул хIасилалда РДялъул печаталъул ва информациялъул министерствагун цадахъ рекъон къватIир чIвазаруна федералияб списокалде росарал экстремистлъиялъул материалал ругеб I00 сайт. Гьезул халгьабиялъул хIакъалъулъ материалал кьун руго Роскомнадзоралде. Законалда ре къон гьединал интернет-ресурсал Генпрокуратураялъул запросалда рекъон судго гьабичIого къала.

***Арсен МОЛЛАЕВ.***
***«Дагестанская правда» газета.***

# Россиялъул печаталъул Къогун!

ХIурматиял печаталъул хIалтIухъаби, штаталда ругел ва гьечIел журналистал! Депутатазул Собраниялъ ва дирго рахъалъ ракIракIалъ баркула нужеда профессионалияб праздник – Россиялъул печаталъул Къо. Гьеб гьайбатаб праздникалъ пайдаяб захIматалъе цолъизарула нилъ, цогояб информационнияб сверухълъиялъул кумекалдалъун халкъалда цебе лъола гIамал-хасияталъул гIорхъаби, лъугьинабула цIубараб общественнияб пикро. Нужер кумекалдалъун Унсоколо районалъул щивав чиясе рес буго районалда лъугьа-ба хъунелъул ахIвал-хIал лъазе.

Нужеца щибаб кьойилго кIудияб жавабчилъи тIаде босула щибаб къватIибе кьураб рагIиялъул, кидаго ва намус бацIцIадго цебе бачуна профессионалияб махщел. Божарав вуго хадубккунги власталъулги халкъияб информациялъул алатазулги цоцада данде кколеб хIалтIи букIинилан, щайгурелъул нилъер цо мурад буго – район цебе бачин.

ГIемерал соназ печаталда рухIалда барахщичIого хIалтIарал ветеранасе ракIракIалъулаб баркала. ЦIияб гIелалъул тIадаб налъилъун ккола нужер хIалтIул хIалбихьи ва щула гьарурал гIадатал цIуни ва гIемер гьари.

ХIурматиял халкъияб информациялъул алатазул хIалтIухъаби! Цойги нухалъ ракIракIалъ баркула нужеда нужер гьайбатаб махщалил праздник, гьарула творческиял мурадал гIумроялде рахьин. Биччанте нужер цIалдолезул аудиториялъул нужеде бугеб рокьи ва божилъи борхизе, щулалъизе, цIалдолезда жаниб бегIераб пероялъун нужер махщел жеги роцIине.

***ГI. НУРМУХIАМАДОВ,***
***«Унсоколо район» МОялъул бетIер***

# ВТБ Медицинское страхование на страже здоровья гражданина и прав пациента

В Конституции РФ закреплено право граждан на получение бесплатной, доступной, гарантированной медицинской помощи, оказанной в учреждениях здравоохранения. Закон РФ № 326 от 29 ноября 2010 г. «Об обязательном медицинском страховании граждан РФ», обеспечивает конституционное право граждан на получение доступной и качественной медицинской помощи, предоставляемой за счет средств ОМС в объеме и на условиях, соответствующих программам ОМС.

Согласно этому закону, застрахованные имеют право выбора не только лечебного учреждения и лечащего врача, но и страховой медицинской организации. «Закон усилил ответственность медицинских учреждений за некачественное оказание медпомощи, незаконное взимание денежных средств с гарантированных государством бесплатных медицинских услуг, отказ в оказании медицинской помощи и другие нарушения,- прокомментировал Махмудилаев Магомед Саидович, руководитель территориального отдела страхования Унцукульского района, филиала ВТБ Медицинское страхование. Закон создает условия, когда застрахованным по ОМС заинтересованны и страховая медицинская компания, и медицинская организация (лечебные учреждения). Пациенты теперь сами решают, где лучше лечится-бесплатные медицинские услуги теперь можно получить и в частных медицинских организациях.

Основная идея нового закона – человек становится главным элементом системы ОМС. Права граждан в системе ОМС определены согласно «Программе государственных гарантий оказания РФ бесплатной медицинской помощи».

На территории Унцукульского района права и законные интересы граждан защищает компания ВТБ Медицинское страхование. «Вы можете обращаться в страховую медицинскую организацию со всеми претензиями и жалобами на медицинское обеспечение, как при амбулаторном лечении, так и при стационарном лечении в районной больнице и при посещении указанных выше медицинских организаций – рассказал Магомед Махмудилаев, руководитель отдела ВТБ Медицинское страхование в Унцукульском районе.

Магомед Саидович уточнил, что причинами для обращения в страховую компанию являются:

* отказ больному в выборе лечебного учреждения для прохождения обследования или лечения;
* несогласие с организацией работы лечебного учреждения;
* несогласия с санитарно-гигиеническим состоянием медицинской организации;
* несогласие с качеством лечения, обследования и проводимыми процедурами;
* несогласие с лекарственным обеспечением;
* недовольство качеством и количеством питания при стационарном лечении;
* отказ в медицинской помощи;
* взимание денежных средств за медицинскую помощь по программам ОМС;
* несогласие сервисными услугами (отсутствие холодной и горячей воды, больничного белья, условия для кормления и т. д.);
* другие причины.

При обращении в лечебное учреждение гражданин обязательно должен предъявить полис медицинского страхования. Полис (медицинская страховка) подтверждает Ваше право на получение бесплатной медицинской помощи в медицинских организациях, входящих в систему ОМС. Медицинский полис действует на всей территории Российской Федерации и любой отказ в медицинской помощи недопустим. Полис является документом, подтверждающим, что оплату за оказанные медицинские услуги (операции, лечение, обследование и т. д.) осуществляет медицинская страховая компания.

«При возникновении вопросов, связанных с качеством медобслуживания в медицинских организациях нашего района или при предложении заплатить за обследование и лечение, не спешите платить, - напоминает Магомед Махмудилаев. Сначала позвоните в страховую компанию, уточните правомерность требований. Если Вы уже заплатили за услуги, сохраните любые документы, подтверждающие оплату, и обратитесь за консультацией в ВТБ Медицинское страхование. **Мы работаем в поселке Шамилькала, здание межрайонной многопрофильной больницы. Приходите, мы всегда рады Вам помочь»!**

# *Баркула шапакъат!*

РДялъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул Министерствалъ лъикIаб къимат кьуна «Прорыв – 2015» номинациялда районалъул гIолилазда гьоркьоб гьабураб лъикIаб хIалтIухъ «Унсоколо районалъул гIолилал»,-абураб общественнияб организациялъул председатель Шамиль ГIабдулхIажиевасе. Гьев «РухIиябгун гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъул рахъалъ гьабураб хIалтIиялъе гIоло», вахъана Министерствалъул премиялъул лауреатлъун. Баркула, Ш. ГIабдулхIажиевасда шапакъат ва ЦIияб сон. Сахлъи, рохел, дуе!

*Приложение № 18*
*к Решению Собрания депутатов Унцукульского района «О внесение изменений в Решение «О бюджете МО «Унцукульский район» на 2015 г. и плановый период 2016-2017 гг. от 18 апреля 2015 года №142» №6 от «23 « октября 2015 г.*

# РАСПРЕДЕЛЕНИЕ
## БЮДЖЕТНЫХ АССИГНОВАНИЙ ПО ВИДАМ ДОХОДОВ И ПО ПОЛУЧАТЕЛЯМ СРЕДСТВ РАЙОННОГО БЮДЖЕТА УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА НА 2015 Г.

| Наименование показателя | Вед Рз ПР ЦСР ВР ЭКР | План утвержденный | План уточненный | отклонение |
|---|---|---|---|---|
| **I. ВСЕГО ДОХОДОВ 2015 года:** | | 597 330,400 | 603 327,521 | 5 997,121 |
| **1. СОБСТВЕННЫЕ ДОХОДЫ РАЙОНА:** | **000 1 00 00000 00 0000 000** | 56 979,000 | 56 979,000 | 0,000 |
| **2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ:** | **000 2 00 00000 00 0000 000** | 540 351,400 | 546 348,521 | 5 997,121 |
| - дотации | 000 2 02 01000 00 0000 151 | 87 138,000 | 87 138,000 | 0,000 |
| - субсидии | 000 2 02 02000 00 0000 151 | 16 099,162 | 20 750,164 | 4 651,002 |
| - субвенции | 000 2 02 03000 00 0000 151 | 429 084,900 | 430 381,019 | 1 296,119 |
| - иные межбюджетные трансферты | 001 2 02 04000 00 0000 151 | 8 029,338 | 8 079,338 | 50,000 |
| **II. РАСХОДЫ 2015 года:** | | 597 330,400 | 603 327,521 | 5 997,121 |
| 1.Райадминистрация | | 115 071,720 | 120 033,984 | 4 962,264 |
| 2.Контрольно - счетная палата | | 533,000 | 764,573 | 231,573 |
| 3.Собрание депутатов | | 1 682,000 | 1 617,737 | -64,263 |
| 4.Управление финансов | | 3 964,431 | 4 206,350 | 241,919 |
| 5. Отдел ЖКХ администрации МО «Унцукульский район» | | 6 881,510 | 7 663,500 | 781,990 |
| 6. Отдел субсидий | | 3 864,000 | 3 864,000 | 0,000 |
| 7. Управление образования | | 3 979,072 | 3 979,072 | 0,000 |
| 8. МКДОУ №1 «Ромашка» с.Унцукуль: | | 12 248,857 | 12 441,370 | 192,513 |
| 9. МКДОУ №2 «Ласточка» с.Унцукуль: | | 13 728,462 | 14 131,859 | 403,397 |
| 10. МКДОУ №3 «Фиалка» с. Ирганай: | | 7 636,766 | 7 763,727 | 126,961 |
| 11. МКДОУ №4 «Теремок» с. Гимры: | | 10 783,594 | 11 201,947 | 418,353 |
| 12. МКДОУ №5 «Соколенок» с. Майданск: | | 5 698,498 | 6 113,152 | 414,654 |
| 13. МКДОУ №6 «Звездочка» с. Балахани: | | 3 312,883 | 3 533,936 | 221,053 |
| 14. МКДОУ №7 «Улыбка» с. Аракани: | | 3 437,481 | 3 429,356 | -8,125 |
| 15. МКДОУ №8 «Солнышко» п. Шамилькала: | | 9 415,724 | 9 471,427 | 55,703 |
| 16. МКДОУ №9 «Сказка» п. Шамилькала: | | 17 143,695 | 16 413,145 | -730,550 |
| 17. МКДОУ №10 «Снежинка» с.Кахабросо: | | 3 743,897 | 3 712,606 | -31,291 |
| 18. МКДОУ №11 «Сосна» с.Ашильта: | | 5 417,932 | 5 620,611 | 202,679 |
| 19. МКДОУ №12 «Чебурашка» с.Цатаних: | | 2 808,736 | 3 046,021 | 237,285 |
| 20. МКДОУ №13 «Гимринка» пос.Гимры | | 2 548,743 | 2 556,632 | 7,889 |
| 21. МКОУ «УСОШ №1» с.Унцукуль | | 27 332,019 | 27 093,019 | -239,000 |
| 22. МКОУ «УСОШ №2» с.Унцукуль | | 29 854,251 | 30 142,251 | 288,000 |
| 23. МКОУ «ЗСОШ « с.Зирани | | 25 402,217 | 26 128,217 | 726,000 |
| 24. МКОУ «АСОШ « с.Ашильта | | 16 245,493 | 16 589,493 | 344,000 |
| 25. МКОУ «КСОШ « с.Кахабросо | | 12 303,701 | 12 486,701 | 183,000 |
| 26. МКОУ «БСОШ « с.Балахани | | 22 623,484 | 22 989,484 | 366,000 |
| 27. МКОУ «ГСОШ « с.Гимры | | 31 786,371 | 31 245,627 | -540,744 |
| 28. МКОУ «ЦСОШ « с.Цатаних | | 12 254,769 | 12 422,769 | 168,000 |
| 29. МКОУ «ИСОШ « с.Ирганай | | 26 006,458 | 25 840,458 | -166,000 |
| 30. МКОУ «АСОШ « с.Аракани | | 12 012,250 | 12 290,250 | 278,000 |
| 31. МКОУ «ГПСОШ « п.Гимры | | 10 932,443 | 10 933,443 | 1,000 |
| 32. МКОУ «ШСОШ « п.Шамилькала | | 51 844,496 | 51 706,496 | -138,000 |
| 33. МКОУ «ХСОШ « с.Харачи | | 5 556,589 | 5 678,689 | 122,100 |
| 34. МКОУ «МСОШ « с.Моксох | | 5 855,407 | 5 807,407 | -48,000 |
| 35. МКОУ «ИСОШ « с.Иштибури | | 7 085,757 | 7 214,657 | 128,900 |
| 36. Ц/бухгалтерия МО «Унцукульский район» в системе образования | | 3 285,337 | 3 285,337 | 0,000 |
| 37. РЦДОД с.Унцукуль | | 7 123,242 | 6 534,285 | -588,957 |
| 38. ДДТ с.Гимры | | 2 791,722 | 2 561,432 | -230,290 |
| 39. ДДТ п.Шамилькала | | 3 270,649 | 2 999,553 | -271,096 |
| 40. ДЮСШ с. Унцукуль | | 3 880,307 | 3 561,594 | -318,713 |
| 41. ДЮСШ с. Гимры | | 4 646,254 | 4 406,863 | -239,391 |
| 42. ДЮСШ с. Балахани | | 5 133,004 | 4 988,629 | -144,375 |
| 43. ЦДТ п. Шамилькала | | 6 497,121 | 5 957,382 | -539,739 |
| 44. Школа искусств | | 4 361,526 | 4 001,399 | -360,127 |
| 45. СЮТ с. Унцукуль | | 5 459,410 | 5 011,959 | -447,451 |
| 46. Управление культуры | | 19 885,122 | 19 885,122 | 0,000 |

*(Продолжение на 4 странице)*

## РАСПРЕДЕЛЕНИЕ
## БЮДЖЕТНЫХ АССИГНОВАНИЙ ПО ВИДАМ ДОХОДОВ И ПО ПОЛУЧАТЕЛЯМ СРЕДСТВ РАЙОННОГО БЮДЖЕТА УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА НА 2015 г .

| Наименование показателя | План утвержденный | План уточненный | Отклонение |
|---|---|---|---|
| Всего по поселениям: | 58 832,000 | 57 985,000 | -847,000 |
| - МО «Село Ашильта» | 2 670,000 | 2 559,490 | -110,510 |
| - МО «Село Гимры» | 14 041,000 | 13 904,500 | -136,500 |
| - МО «Село Ирганай» | 3 350,000 | 3 239,000 | -111,000 |
| - МО «Село Харачи» | 1 592,000 | 1 569,800 | -22,200 |
| - МО «Село Цатаних» | 2 531,000 | 2 387,996 | -143,004 |
| - МО «Сельсовет Араканский» | 2 830,000 | 2 720,566 | -109,434 |
| - МО «Сельсовет Балаханский» | 3 901,000 | 3 801,200 | -99,800 |
| - МО «Сельсовет Иштибуринский» | 2 432,000 | 2 369,700 | -62,300 |
| - МО «Сельсовет Кахабросинский» | 2 212,000 | 2 164,500 | -47,500 |
| - МО «Сельсовет Майданский» | 4 207,000 | 4 047,400 | -159,600 |
| - МО «Сельсовет Унцукульский» | 10 569,000 | 10 386,700 | -182,300 |
| - МО «Поселок Шамилькала» | 8 497,000 | 8 834,148 | 337,148 |

# *Баркула ва баркала къола*



Гьале сверана XXI гIасруялъул анцIила щуго сон. Нилъергун къо-лъикI гьабуна 2015 соналъ ва кьун саламгун тIаде щвана 2016 сон.

ХIурматиял «Ахихъан» газеталъул гьудулзаби-мухбирзаби ва газета цIалулел. РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб ЦIияб 2016 сон.

Араб соналда нилъер, районалъул нухмалъулезгун, мухбирзабаз ва редакциялъул хIалтIухъабазгун цадахъ нилъеца къватIибе биччана районалъул «Ахихъан» газеталъул 52 номер. Ахирияб заманалда газета лъугьун буго цIализе гъира бугеблъун ва бокьулеблъун. Гьединаблъун гьеб лъугьинабиялъе, росабазул гIадамазухъе кIвар бугел лъугьа-бахъиназул баянал щвезариялъе щивав творчествалъул хIалтIухъанас жидедаго цебе жавабияб масъалаги лъун букIана. Щибаб номералда рукIана цIалдолезул мурадал цIунарал, ургъалаби загьир гьарурал макъалаби. Рахъана нилъер шагIирзабазул кучIдул, районалда рукIарал лъугьа-ба хъинал ва цогидабги.

Араб соналда кинабниги хъвараб газеталъул тираж бук1ана I500 экземпляр, амма почалдасан гьабулеб подписка цIакъго гIодобе ккана, гьелде кIвар кьолеб гьечIо почтамталъул нухмалъулез, гьелъул къадар тIоцебесеб бащдаб лъагIалие бахун букIана 473 экземпляралде, кIиабилеб бащдаб лъагIалида абуни гьеб хут1ана гIицIго 349 экземпляргун. 2016 соналдаги г1одобег1анаб даражаялда буго подписка гьаби. Гьеб гьабизе бегьула т1убараб лъаг1елалъго. Хьул буго почалъул нухмалъулез к1вар кьелин хадубккун районалъул «Ахихъан» газеталъе подписка гьабиялде,-абун.

Гьанибго бихьизабичIого гIоларо щибаб санайилго гIадин араб соналдаги районалъул «Ахихъан» газеталъе подписка гьабиялъе жигараб гIахьаллъи гьабуна райадминистрациялъ, пенсионнияб фондалъ, ГНИялъ, Шамильхъалаялъул администрациялъ, ШСОШлалъ, № I, 2, 8, 9 ясли-ахаз, подстанциялъ, больницаялъ, реабилитационнияб Централъ, КЦСОНалъ, казначействолъ, библиотекаялъ, СЮТалъ, Унсоколо творческияб Рукъалъ, ветстанциялъ, социалияб рахъалъ г1адамал ц1униялъул управлениялъ ва цогидазги.

Нижеца баркала загьир гьабула нижер жигарал мухбирзаби Балахьуниса М. ГъазимухIамадовасе, Рихьуниса ГI. Хъарагишиевалъе, С. ХIамзатовалъе, Гъизилюрталдаса Ж. Халитовасе, ТI. Ахъбердиевасе, РУОялъул хIалтIухъаби У. МухIамадовалъе, У. ХIасановалъе, районалъул военком Ш. МухIамадовасе, КЦСОНалъул начальник ГI-ГI. Гьиматовалъе, ГI. НурмухIамадовалъе, врач Ч. ГIалиевалъе, З. НурмухIамадовалъе, Шамильхъалаялъул имам ХI. ГIисаевасе, У. ГIабдулаевалъе, ХI. Ибрагьимовасе, ЦIатIанихъа А. Жамалудиновалъе, РОВДялъул ОГИБДДялъул нач. Р. Мусавузовасе, СЮТалъул методист П. ХIайбулаевалъе, С-А. ГIабдулаевасе, ЦСЗНалъул нач. ГI. ХIамзатовасе, ЦЗНалъул специалист ГI. МуртазагIалиевалъе ва гIемерал цогидазеги. Редакциялъул коллективалъул хьул буго 2016 соналда газеталъулгун щулияб бухьен ккелин гьез ва гьанир цIарал рехсечIого хутIаразги. Хъвай редакциялде нужерго хIалтIул хIакъалъулъ, пикраби, бихьараб-рагIараб. Ниж нужер кагътазухъ ралагьун руго. Цойги нухалъ баркула нужеда ЦIияб 2016 сон! Мурад буго нужер щивасе щулияб сахлъи, рохел, хIалтIулъ бергьенлъаби, гьабулеб ишалъулъ икъбал. Биччанте нилъеда рагъул кьогIлъи бихьунгутIизе!.

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

# Праздникалъулаб концерт

ЦIияб соналда цересел къояз кIудияб праздникалъулаб концерт букIана Шамильхъалаялъул культураялъул КIалгIаялъуб. Гьеб гIуцIун букIана районалъул культураялъул управлениялъ ва поселокалъул администрациялъ. Праздникалъулаб тадбир байбихьана хIалтIулъ лъикIал ра хъал рихьизарурал лъай кьея лъулгун культураялъул хIалтIухъабазе шапакъатал кьеялдасан.

Киналго балагьизе рачIаразе культураялъул Централъ гIуцIун букIана гIатIидаб программаялъул концерт,. Гьенибго цебе бахъана «МугIрузул талихI» лъималазул ансамблги. Гъираялда къабул гьаруна гьел балагьараз. Сюрпризлъун гIадамазе букIана ЦIорол Дадаги гIазул ясги сценаялде рачIин. ПасихIал кочIол рагIабаздалъун гьез праздник баркана залалда ракIарараздa.

Районалъул гIадамазда праздник баркун кIалъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГIиса НурмухIамадов. –«ХIурматиял районалъул гIадамал,- ян абуна гьес. - ТIаде щвана киназего хирияб праздник, ЦIияб сон. Араб сон нилъее букIана гIемерал кIочонарел ишал жанир ккараб, гьелдаго цадахъ захIмалъаби гIемераб. Нилъеда кIвана гьел захIмалъабиги къвинарун церехун ине ва цо ккураб ахIвал-хIал районалда чIезабизе, социалиялгун экономикиял масъалаби тIуразаризе. Дун божарав вуго 2016 сонги нилъеда лъикIал хIасилалгул регIизе кIвелин. РакI-ракIалъ баркула нужеда ЦIияб сон. Гьарула щивасул мурадал тIурай, сахлъи-рохел, ишазулъ икъбал!».

ЦIияб сон баркун, дунялалдаго рекъел гьарун кIалъана культураялъул управлениялъул нач. ХI. МухIамадов, поселокалъул бетIер Р. ХIусейновги.

Праздникалъулаб вечералда бергьана призалги, лотореялги, гIемерисел гIадамазе щвана къиматал сайгъаталги.

........................................................................................................................................

**ЛЪАЗАБИ**

«Унсоколо район» МОялъул лъай кьеялъул управлениялъ лъазабулеб буго арал соназ школа лъугIарал ва кодоб аттестат бугел гIолилал ЕГЭ кьезе рачIине бегьулилан. Гьез паспортазул аттестатазул копиял лъай кьеялъул управлениялде кьезе ккола 2016 соналъул 25 январалде щвезегIан.

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул тIолалго хIалтIухъабаз, лъай кьея лъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ЦIатIанихъ школалъул завуч ХIусейнова ГIайшатида, ЦIатIанихъ ясли-ахалъул зав. ХIусейнова Марямида ва тIолабго гIагарлъиялда яц

**ПатIиматие**

Аллагьасул къадар ккеялда бан.

Аллагьас иманалда тIойитIун ятаги гьей, нахъе ругезе сабруги кьеги.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго ЦIатIанихъа ХIусейнов МухIуда, гьесул хъизанлъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда гьезул яс

**ПатIиматие**

Аллагьасул къадар ккеялда бан. Аллагьас рухI иманалда босун батаги гьелъул, нахъе ругезе халатаб гIумроги, берцинаб сабруги кьеги.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор
Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 14.01.16 г. 16,15
фактически -18.30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.